

Pou: Inivèsite ak Kolèj Afilye WRC yo
Soti nan: Tara Mathur ak Ben Hensler
Dat: 2 jen 2025
Sijè: \$762,000 Peman Konpansasyon arye pou Travayè an Ayiti kap fè rad pou inivèsitè afilye yo

Mwa sa a, 1,600 ansyen travayè nan Digner-on faktori rad an Ayiti ki se yon founisè youn nan lisansye inivèsite yo ke yo rele MV Sport-gen pou resevwa plis pase \$760,000. Kantite lajan sa a reprezante plis pase 3.5 mwa salè a chak ansyen travayè sa yo. Lajan sa se yon konpansasyon ke Digner-on te sipoze peye epi te dwe a chak travayè sa yo depi lè Digner-on te deside fèmen pòt li plis pase 2 zan de sa. Anvan kr Digner-on te fèmen, achtè prensipal ki te ap achtè rand nan faktori a se te yon konpayi Kanadyen ke yo rele Gildan Activewear. Gildan se yon founisè a anpil lisansye inivèsite afilye yo, landan yo se MV Sport. Nan angajman ke WRC te pran a Gildan nou te arive fè Gildan pran mezi pou peye travayè yo salè legal sa a ke Digner-on te dwe travayè yo. Se konsa ke Gildan te arive korije yon vyolasyon kòd kondwit inivèsite afilye yo ki te vyole depi lè ke Digner-on te fèmen pòt li san li pat peye konpansasyon legal ke te sipoze peye travayè yo an 2022.

Aprè ke Digner-on te fèmen pòt li, gang epi bandi ak zam te rantre nan faktori a, epi yo te arive vòlè, dechèpiye epi boule mwaye faktori a. Sa te rive akòz de sitiyasyon vyolans sanglant ak enstabilite politik kap frape Ayiti depi dènye ane sa yo. Malgre ke pat gen okenn posibilite pou faktori a te relouvri, pwopriyetè faktori a ki se Palm Apparel Group, pat sipoze pat peye travayè yo konpansasyon legal jan kòd travay an Ayiti mande pou sa. Kèk nan travayè yo ke WRC te pale avèk yo te temwanyen ke lajan konpansasyon an ke Digner-on pat peye yo a te koze yo anpil doulè, espesyalman aprè yo te fini pèdi djòb yo a, paske se sou lajan sa a ke yo tap konte pou te ede fanmi yo peye nesessite tankou manje, kay, lekòl, ak swen medikal.

Aprè ke pwopriyetè Digner-on te montre ke li pat gen okenn volonte pou lè e peye travayè yo, WRC te kontakte Gildan ki te vin dakò peye lajan an pou korije vyolasyon an, jan kòd kondwit inivèsite afilye yo mande pou sa fèt. Malgre ke dokiman konsènan desalè travayè yo te detwi nan dife lè gang ak bandi ak zam te rantre nan faktori avèk èd epi asistans leta nan peyi Ayiti nou te arive kalkile kantite lajan ke faktori a te dwe kòm Konpansasyon a chak travayè ki te pèdi djòb yo a. Epi Gildan te pran angajman pou asire ke travayè yo resevwa tout lajan ke Digner-on te dwe peye yo jan lalwa mande sa.

Angajman Gildan pou te asire rezoud sitiyasyon sa a vle di ke li te posib pou nou te korije pwoblèm sa a san nou pat bezwen enplike lisansye inivèsite afilye a-MV Sport-ki te fè nou konnen ke Digner-on se yon faktori ki founisè rad ak kolèj epi inivèsite afilye yo. Plis pase 1,600 ansyen travayè faktori sa yo gen pou resevwa peman lajan konpansasyon sa a atravè yon distribisyon ki gen pou fèt nan mitan mwa Jen sa a. Peman sa yo ke travayè yo tap tann depi lontan gen pou pote soulajman ki nesessè anpil pou travayè sa yo epi ak fanmi yo. Se yon rezolisyon ki trè enpòtan konsidere kriz politik ki toujou ap frape Ayiti yo nan moman sa a.

Malgre anpil reta ki te pran avan travayè yo te resevwa lajan sa a, epi malgre difikilte ke sa lakoz ak fanmi yo, WRC rekonèt mezi enpòtan ke Gildan pran pou korije vyolasyon grav kòd kondwit inivèsite afilye yo. WRC gen pou pran mezi pou swiv de prè distribisyon peman sa yo pou tout bagay ka pase byen.